



Pwouve sa!



Aprann ti konsèy la

1. **Di lide ou:** Mande pitit ou panse oswa lide li yo konsènan istwa a. Panse oswa lide sa yo kapab nenpòt bagay, menm yon bagay tankou, *Tigason sa a egare!*
2. **Di detay ki koresponn avèk lide ou:** Envite pitit ou pou “pwouve sa” depi ou bay kèk egzanp nan istwa a, tankou *Ti moun egare sa a te eseye benyen chat la!*
3. **Jwenn imaj oswa mo nan liv la ki pwouve lide/panse ou yo:** Pi jèn timoun yo kapab montre imaj epi pi gran timoun yo kapab chèche nan paj la byen vit pou jwenn mo yo oswa ekspresyon yo.

Pou kisa ti konsèy sa a?

Refleksyon sou pèsonaj ak sou sa k ap pase nan yon istwa se yon konvèsasyon ki amizan! Lè nou gade yon istwa a ankò pou prèy oswa egzanp pou sipòte panse nou, nou konprann li menm pi byen.



Mande pitit ou

Pou timoun ki pi jèn yo:

- Kisa panse ou yo ye konsènan istwa sa a?
- Kisa pèsonaj la te di oswa te fè pou pèmèt ou panse sa? Kilè?
- Montre imaj kote li pwouve sa.

Pou pi gran timoun yo:

- Kisa panse ou yo ye apre ou li istwa sa a? Di mwen plis sou sa.
- Montre mwen nan liv la kote ou te jwenn lide a. Kijan sa pwouve lide ou?
- Kisa ou panse konsènan pwoblèm oswa konfli istwa sa a? Ki prèy nan tèks yo ki sipòte lide ou yo?



Pratike avèk kè kontan

Jwe jwèt “Prove it!”

- Ekri 5 deklarasyon sou senk bout papye diferan
- Premye moun nan ap pran yon bout papye epi l ap li sa li pran an awotvwa. (egzanp *Cats make great pets*)
- Dezyèm moun nan ap bay detay oswa pyès endikasyon pou pwouve deklarasyon an **vrè**. (They are easy to care for.)
- Answit premye moun nan ap bay yon detay pou pwouve deklarasyon an **pa vrè**. (Some people are allergic)
- Kontinye fè sa jiskaske yon moun pa gen detay.
- Trase yon nouvo bout papye epi chanje moun k ap li bout papye a awotvwa anvan.